



Entegrasyon travayè endepandan yo nan sistèm previzyon ak pwoteksyon sosyal - Incorporación de los trabajadores y trabajadoras independientes al sistema de previsión y protección social

Li enfòm sou lwa ki etabli obligasyon pou travayè endepandan yo kotize.

◉ Èske travayè endepandan yo dwe kotize?

Wi, se yon obligasyon pou travayè endepandan kotize pou yo ka jwi sèvis sa yo: Sekirite pou Andikap, Sekirite pou Aksidan Travay ak Maladi Pwofesyonèl, Sekirite pou akonpayman timoun yo, Sante ak AFP.

◉ Kiyès ki oblije kotize?

Tout moun ki bay Fich Onorè ("boleta de honorarios": se yon dokiman ke travayè endepandan fè sòti nan Servicio Impuesto Interno pou sèvis li bay a yon kliyan) . Yo dwe kotize lè kantite lajan yo antre pandan ane a se yon kantite ki egal oubyen plis ke 5 fwa salè minimòm nan la, nan yon ane de janvyè a desanm.

Manm ki nan yon konpayi pwofesyonèl ki kontribye etanke onorè, yo oblije kotize tou.

◉ Kiyès kip a gen okenn obligasyon pou kotize?

Fanm ki te genyen 50 premye janvyè 2018 ak gason ki genyen 55 lane oubyen plis nan menm dat la.

Travayè endepandan ki nan Enstiti Previzyon Sosyal (IPS) p ap kotize, sa ki afilye nan Direksyon Previzyon Carabineros Chili (DIPRECA) p ap kotize nonplis, ak sila yo ki nan Kès Prevansyon Defans Nasyonal (CAPREDENA).

◉ Selon ki kantite salè yo kalkile kotizasyon yo?

Yo konsidere pou kotize a se 80% nan ansanm sa w rantre pandan ane yo, total tout ane ki te pase anvan dènye deklarasyon enpo ou te fè a. Pèyman kotizasyon yo ap fèt chak ane e y ap reyalize nan deklarasyon anyèl pou enpo nan rantrè mwa Avril chak ane, pou yo kapab remèt enpo ane pase a.

◉ Konbyen pousan (%) nan revni "Boleta Honorario" ke Leta kenbe?

Lwa 21.133 ogmante gradyèlman retrè 10% ki afekte "Boleta de Honorarios" de 0,75% chak ane, kòmanse depi 2020 jiska 2028. Nan nevyèm ane a l ap monte 1%, jiskaske li rive 17% nan ane 2028.

◉ Èske yon òd pou peye kotizasyon yo?

Y ap peye Asirans Andikap a an premye. Aprè y ap peye Asirans Sosyal kont Risk pou Aksidan nan Travay ak Maladi Pwofesyonèl, Asirans pou Akonpayman timoun yo, Kotizasyon Sante; Kotizasyon AFP, Komisyon ke AFP yo gen dwa sou yo; finalman, sòm ki te rete san peye nan kotizasyon pansyon anteryè yo.

◉ Kòman kouvèti anyèl yo pral fonksyone pa rapò ak diferant lòt prestasyon ki nan rejim prestasyon sosyal yo?

Travayè a ap gen dwa ak kouvèti anyèl nan diferant rejim Asirans Sosyal, depi premye jiyè nan ane operasyon retrè a, jiska 30 jen ane k ap vini an.

◉ Èske travayè endepandan an gen posibilite pou kotize mwens ke kantite nòm al enpozisyon an?

De 2019 a 2028 yo etabli de (2) opsyon sa yo:

- 1) Kotize pou tout kantite ou genyen kòm enpozisyon an, avèk dwa pou kouvèti konplè.
- 2) Kotize pou yon baz enpozisyon enferyè, men ou p ap resevwa kouvèti konplè nan benefis yo.

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.